

SS.7.C.3.3

Montre estrikti ak fonksyon (twa branch nan gouvènman an ki etabli nan Atik I, II, ak III avèk pouvwa ki korespondan lan) gouvènman peyi Etazini an jan sa etabli nan Konstitisyon an.

SS.7.C.3.3 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2: Elèv yo ap konpare wòl ak responsabilite twa branch gouvènman federal la.

Chak branch nan gouvènman Etazini an genyen pwòp travay ak responsabilite li. Epitou, Konstitisyon an mete sou pye yon sistèm **kontwòl ak balans** ki pèmèt chak branch limite pouvwa lòt branch yo. Kontwòl ak balans anpeche nenpòt youn nan branch yo vin gen twòp pouvwa. Anba a se yon tablo ki dekri youn nan wòl gouvènman an e montre sistèm kontwòl ak balans.

Branch Gouvènman	Wòl: Fè Lwa yo
Lejislatif	Branch lejislatif la fè lwa yo; Kongrè a ka pase sou desizyon yon veto prezidansyèl ak 2 tyè nan chak chanm yo vote pou fè sa.
Egzekitif	Branch egzekitif la aplike lwa yo; prezidan an ka mete veto sou yon lwa, si Prezidan an pa vle yon mezi vín lwa.
Jidisyè	Branch jidisyè a entèprete lwa yo; Lakou Siprèm ka detèmine ke yon lwa pa legal anba Konstitisyon an, epi jete lwa a.

branch egzekitif – branch gouvènman an ki ranfòse lwa yo ke branch lejislatif la fè

branch jidisyè - branch gouvènman an ki entèprete lwa yo ke branch lejislatif la te fè

branch lejislatif - branch gouvènman ki kreye lwa yo

Kongrè a – kò nasyonal lejislatif nan peyi Etazini, ki fòme ak Sena a, oswa chanm wo, ak Chanm Reprezantan an, oswa chanm ba

kontwòl ak balans - yon prensip gouvènman federal la, daprè konstitisyon Etazini an, sa pèmèt chak branch gouvènman limite pouvwa lòt branch yo

Lakou Siprèm peyi Etazini - tribunal ki pi wo nan peyi Etazini; li chita sou tèt sistèm tribunal federal la

Lwa - yon pwopozisyon pou yon lwa

veto - desizyon otorite egzekitif tankou yon prezidan oswa gouvènè pou rejite yon lwa branch lejislatif la te pase